

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Chapit 5. Prensip jeneral pou elèv
Seksyon 5.016

Règleman 5.016 Lekòl ak Pwogram Ochwa

1. Objektif: Objektif Règleman sa a se pou tabli: 1) lekòl ak Pwogram ochwa distri a ki kapab disponib pou elèv kalifye nan Distri lekòl sa a; 2) pwosedi pou aplike pwogram sa yo; ak 3) kondisyon pou kalifye, pwogram ochwa, lekòl espesyalizasyon, pwogram espesyal ak karyè akademik se kèk nan chwa yo fè referans nan Règleman dirijan distri lekòl la 5.01 (5)(a).
2. Yo ankòpore Manyèl pwosedi pou pwogram ak lekòl espesyalizasyon Distri Lekòl la (revize an Septanm 2009) kòm referans jan li tabli a epi li disponib sou sit Depatman pwogram ak lekòl espesyalizasyon.
3. Se Direktè/tris Pwogram espesyalizasyon ak lekòl ochwa a k ap kowòdone refòm pwosedi nan Manyèl la.
4. Yo ankòpore bwochi pwogram espesyalizasyon 2010-2011 Distri lekòl la nan sa a kòm referans jan li tabli a epi li disponib sou sit Depatman pwogram ak lekòl espesyalizasyon. Bwochi sa a tabli kondisyon pou kalifye pou pwogram ochwa a epi bay enfòmasyon adisyonèl ki gen rapò ak pwogram yo, enkli sit entènèt yo ak brèf deskripsyon pwogram yo, pwosedi adisyonèl pou admisyon ak zòn transpò yo. Chak ane gen chanjman ki fèt nan bwochi ak nouvo dat yo, chanjman nan pwogram yo, enfòmasyon sou pwogram nan, kourikoulòm ak kalifikasyon, elatriye.
5. Yo kabab jwenn vèsyon ofisyèl ki pi resan an nan de dokiman sa yo nan sit entènèt depatman sa a.
6. Nan dokiman sa yo ap gen referans sou aktyalite tankou pwogram ki deja egziste ak kèk moun ki deja ladan. Sa kapab chanje pandan ane a. Dokiman sa yo pa gen entansyon kreye okenn dwa tankou kontinyasyon pwogram espesifik aktyèl sa yo, lokasyon ak/oswa estaf ki gen rapò ak pwogram sa yo
7. Yo ankòpore tout fòm PBSO yo nan Manyèl la ak/oswa bwochi a kòm referans jan li tabli a epi ou kapab jwenn li oswa nan sit entènèt ki gen fòm distri a oswa nan sit entènèt Depatman pwogram espesyalizasyon ak pwogram ochwa epi yo disponib nan Depatman sa a tou.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41(1) & (2); 1001.42(26)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1001.41(1); 1001.42(4); 1002.20(6)(a); 1002.31(2)&(8)

DOSYE ISTORIK: 9/27/2006-(ER); 11/1/2006; 16/1/08; 10/12/08; 9/12/09